



Sèvis Relasyon Kominote Depatman Jistis Etazini

Marshals pou Aktivite:

Kenbe Sekirite Piblik Pandan Aktivite Yo

Depatman Jistis Etazini (DOJ) Sèvis Relasyon Kominote (CRS) nan kou fòmasyon an pèsòn, *Marshals pou Aktivite: Kenbe Sekirite Piblik Pandan Aktivite Yo*, dirije pa ekspè nan matyè a, li fèt pou familiarize Marshals pou Aktivite nan karakteristik kle yo ki nan wòl yo ak responsablite nan kenbe sekirite piblik pandan aktivite kominote yo.

Kominote yo Kèkfwa konn fè fas ak tansyon yo akòz diferans ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, relijyon, ak andikap, ak konfli sa yo ka refilete nan manifestasyon piblik yo. Lè sa rive, manm nan kominote a ki resevwa fòmasyon kòm Marshals pou Aktivite souvan nan pi bon pozisyon pou sèvi kòm pwen kontak pou patisipan yo. Itilizasyon Marshals pou Aktivite se yon faktè enpòtan nan kenbe sekirite pandan aktivite piblik yo. Fòmasyon sa a ofri pi bon pratik yo pou ede Marshals pou Aktivite akonpli responsablite yo.

Objektif Kou yo ▼

eksplike enpòtans wòl Marshal pou Aktivite nan kenbe sekirite piblik pandan atktivite yo.

Dekri atant yo nan wòl Marshal pou Aktivite anvan, pandan, ak aprè aktivite yo.

Pwogram Apèsi ▼



Lè konfli yo soulve nan kominote yo akòz diferans ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, relijyon, ak andikap, pwotestasyon piblik ka rive fèt, ak CRS ede asire volontè yo nan kominote a resevwa fòmasyon sou pratik ki pi bon yo pou fè yon aktivite san danje.

Kisa ki yon Marshal pou Aktivite? Leson sa a dekri karakteristik wòl Marshals pou Aktivite, sa yo fè, ak sa yo pa fè.

Ki moun ki se lòt jwè kle yo? Leson sa a idantifye lòt jwè kle yo ki enplike nan aktivite an, ki gen ladan Kapitèn Marshal ak òganizatè Aktivite yo, osi byen ke wòl respektif yo ak responsablite yo.

Kijan ou prepare pou aktivite a? Leson sa a ogmante sansibilizasyon aktivite kle yo pou Marshals pou Aktivite ak risk posib yo ki asosye ak etap avan aktivite nan nenpòt aktivite.

Kisa ou fè pandan aktive a? Leson sa a konsantre sou Aktivite kle Marshal pou Aktivite an pandan chak etap nan yon aktivite pandan li ap fèt, ki gen ladan

asanble, mach, rasanbleman, ak etap disolisyon.

Kijan ou kenbe sekirite piblik? Leson sa a idantifye potansyèl pwoblèm ki afekte sekirite piblik epi li bay konsèy ak pwotokòl pou kominike ak patisipan yo ak kenbe lòd pandan yon aktivite.

Sou CRS ▼

Etabli pa Tit X nan Lwa sou Dwa Sivil nan 1964, sèvis CRS la elaji atravè Matthew Shepard la ak James Byrd, Jr., Lwa 2009 la sou Prevansyon Krim Rayisab yo. CRS, yon eleman nan Depatman Jistis Etazini an, sèvi kòm "Moun ki ap mete Lapè nan Amerik" pou kominote yo ki ap fè fas ak tansyon oswa konfli ki baze sou diferans yo ki genyen nan ras, koulè, orijin natirèl, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, relijyon, ak andikap. Atravè sèvis yo CRS bay, ajans lan amelyore kapasite manm kominote sa yo pou yo anpeche ak rezoud poukont yo ak an tèt ansanb konfli yo nan lavni atravè ogmantasyon konesans, konpreyansyon ak kominikasyon nan mitan yo.

Pwogram CRS yo ▼

CRS ofri yon seri de pwogram nan kominote ki fè fas ak tansyon. Kòm kou akonpaye pou fòmasyon sa, CRS ofri tou *Redwi Risk Pandan Aktivite Piblik yo: Planifikasyon Enprevi*. Pwogram sa yo ak lòt yo se zouti pou kiltive konpreyansyon, amelyore kolaborasyon, ak anpeche dezakò nan lavni. CRS anplwaye yo se medyatè pwofesyonèl, fasilite, fòmateur, ak konsiltan yo ki gen eksperyans nan mete manm kominote yo ansanm pou ede amelyore kapasite yo nan rezoud konfli ki deja egziste ak anpeche konfli yo nan lavni.

Ki Kote Nou Travay ▼

Katye Jeneral CRS 📍

Washington, DC

Biwo Rejyonal CRS yo 📍

Nouvo Angletè

Boston, MA

Nòdès

New York, NY

Mitan-Atlantik

Philadelphia, PA

Sidès

Atlanta, GA

Mitan Wès

Chicago, IL

Sidwès

Dallas, TX

Santral

Kansas City, MO

Mòn an wòch

Denver, CO

Wès

Los Angeles, CA

Nòdwès

Seattle, WA


Biwo Teren CRS yo 📍

Miami, FL

Detroit, MI

Houston, TX

San Francisco, CA



Jwenn nou, konekte ak nou ▼

www.justice.gov/crs



facebook.com/DOJCRS/



[@DOJ_CRS](https://twitter.com/DOJ_CRS)



askcrs@usdoj.gov



202.305.2935

Pou kontakte nenpòt nan biwo rejyonal oswa biwo nou yo sou fòmasyon, tanpri vizite: <https://www.justice.gov/crs/about-crs/regional-and-field-offices>